*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№45 (26497)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 18 мартъи – тæргæйтты мæйы 18 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ФЕДЕРАЛОН ПРОГРАММÆТÆ
*Газуадзæнтæ аразынц*

3 ЮБИЛЕЙ
*Кады аккаг…*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Ерыстæ хъæбысхæстæй*

**Нысантæ**

# Товартæ æмæ лæггæдты фиддонтæ – нымæцон фæткыл

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис министрадтæ æмæ ведомстæты разамонджытæн цы æмбырд сарæзта, уым ныхас уыд товартæ æмæ алыхуызон лæггæдтæн фиддонтæ электронон хуызы кæныны фæткыл.**



Ныхасы архайджытæ сæрмагонд æргом аздæхтой республикæйы цæрджытæ æмæ йæ уазджытæн финансон лæггæдтæ фылдæр нымæцон технологиты фæрцы кæнынмæ.

Профилон ведомстæтæ æмæ банчы структурæты минæвæрттæ радзырдтой, паддзахадон æмæ муниципалон кусæндæтты, стæй лæггæдты къабазы электронон фиддонты фæткæй куыд пайдагонд цæуы, уый тыххæй. Куыд загъдæуыд, афтæмæй æппæт исбонады организацитæ æмæ лæггадгæнæг кусæндæттæ архайынц, цæмæй адæмæн уа электронон фиддонты фæткæй спайда кæныны фадат.

Уыцы куыст хорзыл банымайгæйæ, Дзанайты Барис профилон ведомстæты разамонджытæн бахæс кодта, цæмæй фылдæр æргом здæхт æрцæуа базарады, æхсæнадон транспорты, спортивон æмæ социалон лæггæдты къабæзты архайды электронон фиддонты фæтк ныффидар кæнынмæ. Уыимæ, фарста æвæрд цæуы, цæмæй базартæ æмæ армукъаты дæр уа электронон фиддонтæ кæныны фадат.

Хицауады Сæрдары ныхасмæ гæсгæ, амынд нысантыл нырма зынгæ куыст бакæнын хъæуы, цæмæй цæрджытæ æмæ регионы уазджытæ уæрæхдæр пайда кæной нымæцон финансон лæггæдтæй. Уымæй уæлдай, Дзанайты Барис куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойы** амынддзинадмæ гæсгæ, архайд цæуы «Республикæйы цæрæджы картæ» æмæ «Туристы картæ»-ты тыххæй регионалон программæ царды рауадзыныл.

Æппæт министрадтæ æмæ иннæ структурæты докладтæн аргъ кæнгæйæ, Хицауады Сæрдар бæлвырд амынддзинæдтæ ратта хицауадон æмæ финансон структурæты бæрнон кусджытæн.

– Иумæйаг хъарутæй хъуамæ арæзт æрцæуа финансон лæггæдты æппæтвæрсыг нымæцон системæ. Уый фæрцы республикæйы цæрджытæ æмæ йæ уазджытæ дæр банкъардзысты удæнцойдзинад – алыхуызон продукци, товартæ æмæ лæггæдтæн фиддзысты электронон фæткы фæрцы. Уыимæ, амынд системæ хъуамæ уа æнаипп, цæмæй экономикæйы æппæт къабæзты финансон зилдух уа æргом, цæмæй нæ адæмы æрвылбоны цардархайд хуыздæрæрдæм ива, - бафиппайдта Дзанайты Барис.

Дзанайы-фырт æмбырды архайджыты зæрдыл æрлæууын кодта, финансон лæггæдты нымæцон системæ рапарахат кæныны нысантæ Уæрæсейы Хицауады Сæрдар **Михаил Мишустин** кæй сæвæрдта, уый.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Санитарон цæстдард**

# Эпидемиологон уавæр у нывыл

**Эпидемиологон уавæр Цæгат Ирыстоны у нывыл. Карз хæцгæ низтæй (ОРВИ-йæ) рынчынты нымæц афæдзы ацы афонмæ гæсгæ у æмбæлгæ уагыл – эпидемиологон къæпхæнæй 1,9 проценты ныллæгдæр. Рынчын сывæллæттæн сæ фылдæр сты 3-6-аздзыдтæ.**

Ивгъуыд къуырийы дæргъы раргом ковид-19-æй фæрынчыны фондз цауы, рынчынтæй дыууæ уыдысты сывæллæттæ. РЦИ-Аланийы Гигиенæ æмæ эпидемиологийы центры бæрæггæнæнтæм гæсгæ, ивгъуыд къуыри гриппæй фæрынчыны цаутæ республикæйы нæ уыд.

– Ахуыргæнæндæтты дарддæр дæр æххæстгонд цæуынц карз хæцгæ низтæй бахъахъхъæныны мадзæлттæ. Ныййарджытæ рох ма кæнæнт, сывæллон гыццылдæр æнæфæразгæ у, зæгъгæ, уæд æй скъоламæ кæнæ рæвдауæндонмæ æрвитæн кæй нæй. Стæй йæ ныййарджытæ сæхæдæг дзæбæх кæной, уымæн дæр гæнæн нæй, хъæуы дохтыры æххуыс бацагурын, – зæгъы «Роспотребнадзор»-ы эпидемиологон цæстдарды хайады хицау **Цæрикъаты Мæдинæ**.

Низтæй бахъахъхъæныны профилактикон мадзæлттæ дарддæр дæр сты æххæстгæнинаг. Сывæллæттæн сæ зæрдыл лæууын кæнын хъæуы, цæмæй сæ къухтæ арæхдæр æхсой, чъизи къухтæй цæсгоммæ ма æвналой.



«Роспотребнадзор» куыд хъусын кæны, афтæмæй Гигиенæ æмæ эпидемиологийы центр лабораторон иртæстытæ кæны æрмæстдæр вирусты зилдухмæ цæстдарды фæлгæты æмæ кварталмæ саразы иу мин фæлварæн куысты. Низыхатт равзарын æмæ дарддæры дзæбæхгæнæн мадзæлттæ снысан кæныны фæдыл иртасæн куыстытæ арæзт цæуынц республикæйы медицинон кусæндæтты.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

**Национ проекттæ**

# Фæндаггон инфраструктурæйы нывыладæн…

**2026 азы Цæгат Ирыстоны фæндаггон инфраструктурæйы объектты цалцæг æмæ дарддæры нывыладæн нысангонд цæуы 7 миллиард сомæй фылдæр.**

**Ахæм нымæцтæ фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Фæндаггон хæдзарады комитеты пресс-службæ.**

**Комитеты минæвары ныхасмæ гæсгæ, амынд фæрæзтæй 3,9 миллиард сомы дихгонд æрцæудзысты регионалон проект «Фæндаггон хызæджы нывылад»-ы фæлгæты, иннæ хай регионæн ратдзысты федералон проектты фæткы бындурыл.**

**Азы дæргъы цалцæггæнæн æмæ арæзтадон куыстытæ цæудзысты «Хурыхъæу – Малгобек – Мæздæг», «Дзæуджыхъæу – Æрыдон – Цыкола – Лескен 2», «Хохы Саниба – Хъæрмæдон», «Джызæл – Хъæрмæдон – Дæргъæвс – Дзуарыхъæу» æмæ æндæр регионалон фæндæгтыл. Уыимæ, амынд фæндæгтыл сараздзысты цалдæр ног хиды дæр.**

***Нæ уацхæссæг***

**Хъæууон хæдзарад**

# Зæхкусæджы уалдзыгон сагъæс

**Мæздæджы районы хъæууон хæдзарады кусджытæн ивгъуыд азы бæрæггæнæнтæ зæрдæйы фæндиаг рауадысты, кæд сæ боныхъæд бахъыгдардта, уæддæр. Ацы азы тыллæгæрзадæн зæхкусджытæ бындур фæззæджы сæвæрдтой. Ныридæгæн хæдзарæдты мæр цæттæ кæнынц уалдзыгæнд культуртæ тауынмæ, зилынц æм, цæмæй йыл хæмпæлгæрдæг æмæ зианхæссæг æхсынæгтæ ма рæзой æмæ парахат кæной.**

Ныр дыккаг хатт районы байтыдтой зымæгон культуртæ – хохаг хъæдур æмæ лыстæг гæн – фæйнæ 110 гектарæй уæлæмæ. Æмткæй райсгæйæ, хæдзарæдты фæззыгæндты фæзуат ахсы 48 мин гектармæ 'ввахс. Мæнæу байтыдтой 26 мин гектары чысыл хъуаг, хъæбæрхор – 5 мин 715 æмæ рапс – 16 мин гектармæ 'ввахс. Ацы фарстайы сæхи сæрæнæй равдыстой зæхкусæг-фермерон хæдзарад «Ваниев» æмæ Троицкæйы хъæууонхæдзарадон-куыстадон кооператив «Заря»-йы зæхкусджытæ. Фæзуæттæм се 'гасмæ дæр бахастой минералон хъацæнтæ. Районы хъæууон хæдзарады управленийы хицау **Æлхъацаты Зауыр** нæ уацхæссæгæн куыд радзырдта, афтæмæй уалдзыгæнд хъæбæрхор Сухотскæйы хæдзарад «БЭЛЛ-Агро»-йы байтаудзысты 350 гектары, Садовыйы поселочы ООО «Дружба»-йы та – 565 гектары сысджы.



Фадæттæ амонынц, цæмæй пайдахæссæг культуртæ районы хæдзарæдты фаронæй къаддæр ма байтауой. Гæны фæзуат бацахсдзæн 2,5 мин гектары, нæмыджы нартхор – 3,3 мин гектары, сойæ – 2 мины æмæ 'хсынæн – 400 гектары. Уыцы-иу рæстæг æргом здæхт цæуы холладжы культуртæм дæр. Афтæ, 250 гектары байтаудзысты люцернæ, суданкæ æмæ сысджы.

– Мæздæджы районы хæдзарæдты зæххытæ æнæ донхорыгæй хорз тыллæг нæ дæттынц. Паддзахады субсидитæн æртæ азы размæ дæр ма сæ 70 проценты зæхкусæгмæ фæстæмæ здæхтысты, ныр – 50 проценты, уæрæсейаг донпырхгæнæн системæ куы сæвæрай, уæд, фæсарæйнаг – уæд та 25 проценты. Кæд раздæр донхорыггонд зæххыты фæзуат 4 мин гектары ахста, уæд фæстаг фондз азмæ уыцы нымæц схызт 8 минмæ, нысан æй кæнынц 10 мин гектармæ схæццæ кæнын. Сæхи хъарутæй уал зæххытæ донхорыггонд æрцыдысты «Заря», «БЭЛЛ-АГРО» æмæ «Колос»-ы хæдзарæдты, – зæгъы районы хъæууон хæдзарады управленийы разамонæг.

Цалдæр азы размæ районы рапарахат сæнæфсиры куыст, уæд сæ фæзуат уыд 450 гектары, ныр – æртæ хатты фылдæр. Ацы бонты талатæ садзынц æхсæнад «Виноградарь Кавказа»-йы, йæ сæргълæууæг **Багаты Генрих**. Зæхкусæджы архайд æнцон никуы уыд, уæлдайдæр – ныры уавæрты. Æргъты уæлæмæцыды дæр сæ къухтæ кæй не 'руагътой, уый бæрæг у сæ фæззæджы бæркадæй.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ, къам систа Аннæ МОСКАЛЕНКО**

**Адæмон газет**

# Рафыссæм «Рæстдзинад»!




**Ахицæн 2026 азы фыццаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Иннæ хæттытау та ныр дæр «Рæстдзинад»-ы иузæрдион кæсджытæ рафыстой сæ уарзон газет. Иннæтæн хъусын кæнæм, ныр дæр ма газет рафыссæн кæй ис, уый. Уыимæ, ацы мæй «Рæстдзинад» чи рафысса, уый йæ исын райдайдзæн апрелы.**

**«Уæрæсейы пост»-ы цæгатирыстойнаг хайады куыд фехъусын кодтой, афтæмæй 2026 азы фыццаг æмбисы æртæ мæйæн газет «Рæстдзинад» рафыссыны аргъ у 724 сомы æмæ 23 капеччы. Уыимæ, адæмы льготон къордтæм чи хауы, уыцы адæмæн та – 590 сомы æмæ 37 капеччы.**

**Посты бастдзинады хайад ма куыд хъусын кæны, афтæмæй ацы азы дыккаг æмбисæн газет рафыссæн ис æмгъуыдæй раздæр, йæ аргъ у 1448 сомы æмæ 46 капеччы. Уыимæ, льготон къордтæм чи хауы, уыцы адæмæн та – 1180 сомы æмæ 74 капеччы.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ! Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, мадæлон æвзаг, ирон фысджытæ æмæ нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды, æмæ нæ рæзгæ фæлтæр сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут «Рæстдзинад». Æмæ газет æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.**

**Алы ирон хæдзарæн дæр – газет «Рæстдзинад»!**

**РЕДАКЦИ**

## Дзырды фарн

***Царды быдыр дидинæг у,***
***сындз тауæн дзы нæй.***

*Æмбисонд*

Боныхъæд — Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **18 мартъийы** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **4 – 9 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 12,02

Хурыскаст — 06,08
Хурныгуылд — 18,10

Валютæйы аргъ — Доллар — 79,07; Евро — 91,39

12 +

**Федералон программæтæ**

# Газуадзæн хæтæлтæ – дыргъдæтты æмбаладтæм дæр...

**Цæгат Ирыстоны Хицауады, Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министрад æмæ парти «Иугонд Уæрæсе»-йы регионалон хайады æнгом æмгуыстады фæрцы республикæйы ахадгæ хуызы æххæстгонд цæуы уæлæмхасæн газификацийы нысанмæарæзт программæ.**

Регионы уыцы куыстыл комкоммæ бæрнон у компани «Газпром газораспределение Владикавказ». Рæстæг куыд æвдисы, афтæмæй куыстуат программæйы уæгæвæрдтæ афойнадыл æххæст кæны. Уымæн æвдисæн ахæм нымæцтæ: 2021 азæй нырмæ (ома, программæ йæ тыхы куы бацыд) æрвгъуыз артаджы хæтæлтæм баиу кæныны фæдыл фæлхасгæнджытæ компанимæ балæвæрдтой 3,8 мин курдиатæй фылдæр, уыдонæй уал 3,5 мин участокы арæнтæм хæтæлтæ бауагътой, 2,7 мин хæдзары цæрджытæ та ныридæгæн райдыдтой пайда кæнын газы артагæй. Иннæ курдиæттыл дарддæр куыст цæуы.



Уыимæ, зындгонд куыд у, афтæмæй 2024 азы программæйы уагæвæрд фæуæрæхдæр – бахастой йæм дыргъдæтты æнæкоммерцион æмбаладты газификацийыл куыст дæр. Афтæмæй бацайдагъ куыст уыцы цæрæн бынæттæм дæр газы хæтæлтæ бауадзыныл. Уыцы архайдæн дæр сарæзтой сæрмагонд пълан 2025-2030 азты æмгъуыдмæ.

Абоны онг уый бындурыл компани «Газпром газораспределение Владикавказ» бакодта бæлвырд куыст. Зæгъæм, дыргъдæтты æмбалад «Аграрник»-ы фæзуатмæ ныридæгæн бахæццæ газуадзæн, æмбалад «Ир»-ы дæр уыцы куыстмæ хæстæгдæр рæстæг бавналдзысты – ныртæккæ бæлвырдгонд цæуы подрядон организаци. Дыргъдæтты æмбалад «Ахуыргæнæг»-мæ цы хæтæл бауагътой, уый та сифтонг кодтой газуарæн дыууæ пунктæй (ахæм техникон фæрæзты фæрцы фæлхасгæнджытæм газ фагæй хæццæ кæны). Ахæм куыстытæ хæстæгдæр аз нысангонд цæуынц æмбаладтæ «Горянка», «Локомотив», «Дружба» æмæ иннæты. Уыцы æмбаладтæм газы хæтæлтæ бауадзынæн ныртæккæ арæзт цæуы хъæугæ документаци...

**Дмитрий АСТАХОВ**

**Цæгат Кавказ**

# Цæрæнуæттæ – бюджетон æфстæутты фæрцы

**Хицауады инфраструктурон æфстæутты фæрцы Цæгат Кавказы федералон зылды регионты 2021 азæй нырмæ арæзт æрцыд цæрæнуæтты 1,1 милуан квадратон метрæй фылдæр.**

Ахæм нымæцтæ фехъусын кодтой Регионалон райрæзты фарстаты фæдыл федералон хицауадон къамисы радон æмбырды.




«Федералон бюджеты æххуысы (комкоммæ дзургæйæ та, инфраструктурон æмæ къазнайадон кредитты) фæрцы Цæгат Кавказы регионты ахадгæ хуызы æххæстгонд цæуынц райрæзты программæтæ. Афтæ, фæстаг 5 азы дæргъы федералон зылды цæрæнуатон фондыл бафтыд ног фатерты 1,1 милуан квадратон метры бæрц», – ахæм нымæцтæ æрхаста Уæрæсейы Хицауады Сæрдары хæдивæг **Марат Хуснуллин.**

Уыцы бæрæггæнæнмæ гæсгæ, фылдæр бантыст Стъараполы крайæн (цæрæнуæтты 548,9 мин квадратон метры), Цæцæны республикæйæн (396,7 мин квадратон метры), Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийæн (93,9 мин квадратон метры) æмæ Кæсæг-Балхъары республикæйæн (80 мин квадратон метры).

Хицауады Сæрдары хæдивæджы ныхасмæ гæсгæ, бюджетон æфстæутты фæрцы ацы азы дæргъы Цæгат Кавказы федералон зылды адарддæр уыдзæн 74 ахсджиаг социалон, инженерон æмæ транспортон объекты арæзтад.

Къамисы æмбырды ма æрхастæуыд ахæм нымæцтæ дæр: федералон зылды регионты райрæзты программæтæ æмæ проекттæ æххæст кæнынæн 2025 азы инфраструктурон кредитты хуызы дихгонд æрцыд 23,3 миллиард сомы бæрц.

**Нæ уацхæссæг**

**«Иугонд Уæрæсе»**

# Рагагъоммæ хъæлæс кæндзысты

**«Иугонд Уæрæсе» райдыдта рагагъоммæ хъæлæс кæныны архайынмæ кандидатты регистраци кæнын.**




Паддзахадон Думæмæ æмæ æндæр æмвæзадтæм æвзарæн кампанитæ æвзарджыты номхыгъдмæ кандидат æвзæрст цæмæй æрцæуа, уыцы хъуыддаджы йæ бон архайын у, территорийыл регистрацигонд чи у, æппæт уыцы æвзарджытæн дæр.

Партийы регионалон хайады секретары хæдивæг **Едзойты Марат** куыд загъта, афтæмæй рагагъоммæ хъæлæс кæнын республикæйы æвзарджытæн дæтты, сентябры чи уыдзæн, уыцы æвзæрстыты рæстæг «Иугонд Уæрæсе»-йы минæвæрттæй сæхицæн кандидат равзарыны фадат.

– Рагагъоммæ хъæлæс кæныны архайын у партийы æппæт кандидаттæн дæр æнæмæнгæй æххæстгæнинаг хъуыддаг. Архайджыты регистраци кæндзысты 30 апрелмæ. Йæ кандидатурæ бавдисыны фæстæ кандидатæн йæ бон у агитацигæнæн куыст райдайын, – зæгъы Едзойты Марат.

Паддзахадон Думæмæ æвзæрстыты архайджыты номхыгъд парти сфидар кæндзæн, июны йын чи уыдзæн, уыцы съезды.

«Иугонд Уæрæсе» у, иудадзыгдæр æргом æгъдауæй æппæтдунеон хъæлæс кæныны фæрцы æппæт æмвæзадты депутаттæм дæр кандидатты рагагъоммæ чи равзары, нæ бæстæйы иунæг уыцы парти.

Æвзарджыты регистраци кæндзысты 20 апрелæй 29 майы онг. Хъæлæс кæнæн уыдзæн электронон хуызы портал «Госуслуги»-йы æххуысæй.

**САНАТЫ Альбинæ**

**Не 'мдугонтæ**

# Арфæтæ – Томайты Валентинæйæн

**Цæгат Ирыстоны паддзахадон медицинон колледжы ахуыргæнджытæ æмæ студенттæ сæ директор Реуазты Таймуразы разамындæй зæрдиаг арфæтæ ракодтой сæ хистæр æмкусджытæй иу – Томайты Валентинæйæн.**

**Ацы бонты Валентинæ сбæрæг кодта йæ юбилей. Уыимæ, юбиляр 50 азы бæрцы кусы медицинон колледжы хирургийы ахуыргæнæгæй (20 азæй фылдæр уыд практикон ахуырты разамонæг дæр).**

**Уымæй уæлдай, Томайты Валентинæйæн арфæтæ ракодта РЦИ-Аланийы Парламенты депутат Уататы Зелим дæр. Уый Уæрæсейы Коммунистон партийы сæрдар Геннадий Зюгановы номæй юбилярæн саккаг кодта зæрдылдарæн майдан.**

**Нæ уацхæссæг**



**Хъæбатырты мысгæйæ**

# «Æз хæстон афицер дæн, æмæ мæ бынат уым и...»

**Мæ фыд – Козырты Гæбылайы фырт Ахболат райгуырд 1906 азы Зилгæйы. Йæ фыд Гæбыла æмæ мад Дзгойты Журийæн ма, мæ фыдæй уæлдай, уыдис фондз сывæллоны – æртæ фырты æмæ дыууæ фæззон чызджы. Хъыгагæн, хотæ бынтон æрыгонæй ацыдысты цардæй, лæппутæй дæр сæ иу фæрынчын æмæ 27-аздзыдæй амард. Ахболатæн ма баззад æрмæст дыууæ æфсымæры – Дзамболат æмæ Бимболат.**

Ахболат хæсты райдайæны уыдис кæстæр лейтенант. 1939 азы, Финляндийы хæстæй сыздæхгæйæ, цардæмбалæн бацагуырдта Торчынты Баблайы чызг Фатимæйы, иннæ аз та райгуырдтæн æз. Уыцыиу рæстæг мæ фыд каст фæци Фыццæгæм бæхджын æфсады номхæссæг Тамбовы училищæ, æмæ йæ дарддæр службæ кæнынмæ арвыстой Ныгуылæн Белоруссийы горæт Барановичимæ. 155-æм æхсæг дивизийы 436-æм æхсæг полчъы сгарджыты къорды сæргълæууæгæй...



Нæ бинонты архивмæ кæсгæйæ, ссардтон иу гæххæтт, уый лæвæрд æрцыд мæ фыдæн 1941 азы 26 майы 436-æм полчъы разамындæй. Уыцы гæххæтты куыд фыст уыдис, афтæмæй Ахболат йæ бинонтимæ цыди йæ радон отпусчы Барановичи горæтæй Беслæнмæ. Хæсты хабар дæр ам базыдта. Йæ æфсæддон хаймæ фæстæмæ нал ацыд Ахболат, уæлдæр разамынд ын йæ размæ сæвæрдтой ахсджиаг æмæ бæрнон хæс – Рахизфарсы районы партизанты сæрмагонд къорд саразын. Уымæн æвдисæн у, Цæгат Ирыстоны мидхъуыддæгты комиссарады йын 1942 азы 3 сентябры кæй раттой, уыцы æвдисæндар. Уымæй уæлдай ма нæ архивы ссардтон, Ахболат Дзæуджыхъæуы комендантон управленимæ цæстдарæг командир кæй уыди, уый тыххæй æвдисæндар. Уыдис ын лæвæрд стыр бартæ – документтæ, гуырысхойаг адæймæгты, æхсæнадон æмæ хиирхæфсæн бынæттæ бæрæг кæнын хæстон уавæрмæ гæсгæ. Ноджы ма Ахболатмæ уыдис цæгатирыстойнаг партизанты бригады командир, майор Гусыфырты хæдивæг кæй у, уый тыххæй гæххæтт дæр.

Партизанты къордæн се штаб æрынцад Хохы Карцайы Есиаты хæдзары. Мæ фыдæн йæ бæхмæ зилæг уыдис Есиаты хæрæфырт Торчынты Бексолтан (Пегу). Къорды уæнг ма уыди нæ мады кæстæр æфсымæр, хистæр лейтенант Рамазан дæр.

Мæ фыдæн уыцы азты Дзæуджыхъæуы Хъахъхъæнынады комитет кæй ратта, уыцы æвдисæндары ма фыст уыдис: «Æмбал Козыры-фырт службæйы рæстæг йæхи равдыста хъæппæрисджын, хъæбатыр командирæй, дæсны разамынд лæвæрдта нысангонд операцитæн. Ныр та æмбал Козырты Ахболат хъуамæ ацæуа йæ хæстæ дарддæр æххæст кæнынмæ Фæскавказы фронты разамынды дæлбар».

1943 азы мæ фыдæн райгуырди дыккаг фырт Таймураз (Тамулик), мæнæн мæ кæстæр æфсымæр. Хистæрæн йæ ном уыди Юри, Ахболаты фыццаг усæй. Цæгат Ирыстон немыцæй куы ссыгъдæг, уæд мæ фыды, цæф кæй уыди, уымæ гæсгæ фронтмæ нал акодтой. Фæлæ йæхæдæг барвæндонæй ацыди. Мæ нана куыд мысыд, афтæмæй Ахболат дзырдта: «Æз хæстон афицер дæн, æмæ мæ бынат уым и... Фæсивæд сæ туг калой, æз та ам бадон?»

Ацыди та хæстмæ мæ фыд, æмæ йæ уымæй фæстæмæ никуыуал федтам. Хæст куы ахицæн, уæд нæ мад райста, кæй фæмард, уый тыххæй гæххæтт, фæлæ кæм æмæ кæцы ран ныгæд у, уый та бæрæг нæ уыд. Æрмæст 1969 азы йе 'фсымæр Дзамболаты писмойæн æрцыди дзуапп ССР Цæдисы Хъахъхъæнынады министрадæй. Фыст дзы уыди æрмæстдæр 223-аг бæхджын полчъы эскадроны командир Козырты Гæбылайы фырт Ахболат кæй фæмард 1944 азы 27 августы, баныгæдтой йæ Румыны, хъæу Паяна-Саратайы.

Ахболатæн уыдис капитаны цин, хорзæхджын æрцыди Фыдыбæстæйы Стыр хæсты I къæпхæны орденæй – 1944 азы 8 сентябры, стæй майданæй «Хæстон сгуыхтдзинæдты тыххæй». Уыцы майдан та йын саккаг кодтой йæ мæлæты фæстæ æмæ йæ райстам, дæсгай азтæ куы рацыд, æрмæстдæр уæд Уæрæсейы Президент Борис Ельцины къухфыстимæ.

**КОЗЫРТЫ-САТЦАТЫ Эльмæ**

**Æнæниздзинады къуым**

# Цард – æнæ наркотиктæй

**Наркоманийы фарста сагъæссаг æмæ ахсджиаг у канд æнæниздзинад хъахъхъæнынады къабазæн нæ, фæлæ æппæт æхсæнадæн дæр. Уымæн æмæ психоактивон буаргъæдтæй чи пайда кæны, уыцы адæймаджы зондахаст бынтондæр аивы, наркотиктæ йæм расайынц медицинон æмæ социалон уæззау фæстиуджытæ.**

Ивгъуыд азы диагноз «наркомани» кæмæн сæвæрдтой, уыцы рынчынтæ азæй азмæ кæнынц фылдæр. Уавæр куыд æвдисы, афтæмæй ныртæккæ фылдæр пайда кæнынц, «фæлмæн» кæй хонынц, марихуанæйы ахæм наркотиктæй. Психологон æгъдауæй сæ адæймагæн йæхи ратоныны бон цæмæй мауал уа, уымæн бахъæуы хæрзцыбыр рæстæг. Ноджы тæссагдæр сты, «спайс» кæй хонынц, ахæм дымæн æмхæццæтæ. Адæймаг сыл ацахуыр вæййы иунæг хатт дæр дзы бавзарыны фæстæ.

«Фæлмæн» наркотиктæй карздæр æмæ уæззаудæртæм – кокаин æмæ героинмæ – наркоман рахизы тынг тагъд. Уымæ гæсгæ, «рог» наркотиктæ уыйбæрц тæссаг не сты, зæгъгæ, уыцы зонд макæй сайæд. Рог æмæ, зиан чи нæ хæссы, ахæм наркотиктæ уæвгæдæр нæй!




Наркомантæй бирæтæ разынынц СПИД-æй рынчынтæ. Уыдон марынц канд сæхи нæ, фæлæ сæ фидæны фæлтæрты дæр, уымæн æмæ уыдонæй райгуыры психикон æмæ физикон æгъдауæй сахъат сывæллæттæ. Наркомантæн сæ фылдæр сæ кармæ нæ ахæццæ вæййынц, амæлынц æрыгонæй.

Уæлдай сагъæссаг у, хæрзæрыгæттæ, 15-16-аздзыдтæ, наркотиктыл кæй фæцалх вæййынц, уыцы хъуыддаг. Наркотиктæй уыдон фыццаг хатт фæхъæстæ вæййынц, фæсивæд йæ рæстæг хъæлдзæгæй кæм æрвиты, ахæм ирхæфсæн бынæтты.

Æнахъом адæймаг наркотиктæй пайда кæнын кæй райдыдта, уый базонæн ис ахæм былвыд бæрæггæнæнтæй:

– сывæллон йæ ныййарджытæй, хистæртæй цыдæр кæй æмбæхсы, уый вæййы бæрæг; фылдæр рæстæг æрвиты хæдзары нæ, фæлæ уынджы; ахуыр кæнын æй нал фæнды, йæ ахуыр фæцуды, раздæр цымыдис цæмæ кодта, уыдæттæм стырзæрдæ свæййы;

– æхца хардз кæнын фылдæр райдайы æмæ, æхцаты хицау цæмæй уа, уымæн амæлттæ агуры – райдайы давын, хæдзарæй дзаумæттæ æддæмæ хæссын æмæ а.д.;

– цавæрдæр гуырысхойаг æмбæлттæ йын фæзыны, æмæ фæкæнынц сусæг, æнахуыр ныхас;

– йæ зæрдæйы ахаст æнæ æфсонæй раив-баив кæнын райдайы.

Сывæллон наркотиктæй фæхъæстæ, зæгъгæ, ныййарджытæ, мыййаг, уый куы бафиппайой, уæд, фыццаджыдæр, хъуамæ æмбарой, æрттхъирæнтæй, хылтæ æмæ нæмынæй хъуыддаг кæй нæ аивдзæн. Уый бæсты сывæллонæн бамбарын кæнут, кæй йыл тыхсут, уæ зæрдæ йыл кæй риссы. Æмæ йын æвæстиатæй бацагурут специалисты сæрмагонд æххуыс.

**Медицинон профилактикæйы республикон центр**

**Барадон фæтк**

# Тамакойы æнæзакъон зилдух

**Республикæйы Прокуратурæ зылынгæнæн хатдзæг сфидар кодта, регионы цæрæг 48-аздзыд нæлгоймаджы ныхмæ цы уголовон хъуыддаг саразтæуыд, уый фæдыл.**

Нæлгоймаджы азымджын кæнынц Уæрæсейы Уголовон кодексы 171.1-æм статьяйы 6-æм хайы («Сæрмагонд акцизон маркæтæ цы тамакойы продукцийыл нæй, уый æлхæнын, æфснайдæй дарын æмæ уæймæ цæттæ кæнын»-ы) быидурыл.

Слестгæнджытæ куыд раиртæстой, афтæмæй нæлгоймаг 2025 азы декабрæй 2026 азы январмæ балхæдта æмæ йæ хæдзары æфснайдæй дардта тамакойы продукци.




Гуырысхойаджы фæндтæн кæрон сæвæрдтой барадхъахъхъæнæг оргæнты оперативон кусджытæ – æнæзакъон зилдухæй фæиппæрд кодтой тамакойы 12 мин пачкæйæ фылдæр.

Ныр уголовон хъуыддагмæ æркæсдзæн Дзæуджыхъæуы Промышленнон районы тæрхондон. Зæгъын хъæуы, ахæм фыдракæнды тыххæй ахходжынæн ахæстоны 6 азы онг фæбадыны тæрхон рахæссæн кæй ис, уый дæр.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Рохæн æвгъау нæмттæ

# Зынгзæрдæ Дзикка

**Цытджын Октябры уæлахизтæ бахъахъхъæныны, Цæгат Ирыстоны Советон хицаудзинад æрфидар кæныны стыр æмæ зын хъуыддагыл сæ цард нывондæн æрхастой бирæ зынгзæрдæ революционертæ. Уыдоны рæнхъыты лæууыдысты Уæлладжыры комы фæсивæды хуыздæр минæвæрттæ: Бутаты Хъазыбег, Барахъты Гино, Таболты Лади, Тыджыты Налыхъ, Габолаты Ислам, Æккæлаты Дзикка æмæ бирæ æндæртæ. Сæ фылдæр хæрз æрыгонæй басыгъдысты революци æмæ кълассон тохы цæхæрты. Бирæтæ æнаххосæй баййæфтой æфхæрд. Уыдоны цард, сæ тох, сæ удыхъæд фæзминаг сты ныры фæсивæдæн.**



Ам нæ ныхас уыдзæн революцийы салдат, советон хицаудзинадыл хъæбатыр тохгæнæг Æккæлаты Дзиккайы тыххæй. Йе 'взонг азты тыххæй лæмбынæг нæ дзурдзыстæм, Къостайы загъдау, æлгъыстæй, уæд надæй цы нæ бавзæрста Æккæлаты сидзæр лæппу. Фынддæсаздзыдæй фæстæмæ райдыдта æххуырсты цæуын. Уыдис хъомгæс, зæхкъахæг, уæзæгтæ хæссæг.

Азтæ згъордтой. 1904 азы Дзикка сфæнд кодта царддагур дард Харбинмæ ацæуын. Хæрзбон загъта Уыналы хъæубæстæн. Мæгуыр кæмдæриддæр мæгуыр уыд. Бирæ тухитæ, бирæ рахау-бахауты фæстæ амбæлд йе 'мзæххон Хъайтыхъты Дауытыл. Уый фæрцы ссардта æхсæвгæсы бынат. Иу афæдзы бæрц акуыстаид, афтæ амбæлд, паддзахы ныхмæ чи дзырдта, ахæм студенттыл. Дон Сунгарийы наулæууæнты арæхæй-арæхдæр уыдта сырхтырысаджын къордтæ.

«Иу студент мæм ратта сырх тырыса. Хæц, дам, ыл æмæ махимæ цом, нæ фæрæдидзынæ», – фыста Дзикка йæ автобиографийы. Уый уыд 1905 азы. Йæ зæрдæ 'хсайдта йæ райгуырæн къонамæ, Уыналмæ, Ирыстонмæ. Станцæ Челабины æрлæууыд поезд. Ам айхъуыст, зæгъгæ, иннæ поезды ис, Сыбырмæ кæй ласынц, ахæм æрыгон революционертæ. Дзиккайы зæрдыл æрбалæууыдысты йæ зонгæ студенттæ. Кæд адон дæр ахæм цардбæллон æмæ хъæбатыр лæппутæ сты, æмæ сын истæмæй фехххуыс кæнын хъæуы? Тагъд-тагъд йæ дзыппæй фелвæста 15 сомы æмæ сæ вагоны рудзынгæй баппæрста. Æхца ахст адæмыл сæмбæлд, фæлæ Дзиккайы уадулыл дæр сæмбæлд жандармы цæф.

Чи цы у, чи цæуыл тох кæны, уый æмбарын райдыдта. Садоны æрзæткъахæнты кусгæйæ, йæ балцы хабæрттæ дзырдта йе 'мбæлттæн. Афтæ зæгъæн ис, уыцы рæстæджы равзæрста йæ цардвæндаг. Фæлæ йæ бахъуыд паддзахы æфсадимæ фыццаг империалистон хæстмæ фæцæуын. Æртæ азы дзы фæцис. Дыууæ хатты фæцæф. Австрийы фронты пулеметæхсджыты командæйы уæнг Æккæлайы-фырт Октябры революцийы хабар куы фехъуыста, уæд йе 'мзæххон æфсæддонты агитаци кодта большевикты фарс ралæууынмæ. Бирæ æфхæрæн ныхæстæ æмæ цæфтæ баййæфта уый тыххæй, фæлæ йæ хъуыды никуы аивта. Зыдта: æрмæстдæр большевиктæ хæцынц мæгуыр адæмы фарс.

Сæ полкъ ныппырх. Салдæттæ лыгъдысты фæйнæрдæм. Ныууагъта йæ Дзикка дæр. Æрыздæхт Ирыстонмæ. Бацагуырдта революцийы фарс хæцæг æмбæлтты. Æрлæууыд урсбандиттимæ тохгæнæг революцион къорды сæргъы. Йæ хъæбатырдзинады кой айхъуыст Ирыстоныл. Хорз зыдта йæ райгуырæн хæхты тæссаг фæндæгтæ. Знаджы размæ-иу февзæрд, æппындæр ын æнхъæл кæм нæ уыдаиккой, уым.

1918-1920 азты Уæлладжыры комыл Гуырдзымæ, Гуырдзыйæ Цæгат Ирыстонмæ цыдысты æфсæдтæ, Хуссар Ирыстонæй лыгъд адæм. Æфхæрдтой сæ алыхуызон абырджытæ, революцийы знæгтæ, истой сын сæ мулк, сæ хæцæнгæрзтæ. Дзиккайы разамындæй дæрæнгонд æрцыд куырттатыкоймаг Дзусуаты Хъуыбадыйы къорд. Сырх Æфсадæн æххуысмæ Гуырдзыйæ Цæгат Ирыстонмæ тагъд кодта Гегечкорийы къорд. Къорды разæй цы хай цыд, уый бандиттæ бастыгътой, Дзиккайæн хæсгонд æрцыд, цæмæй фехххуыс кæна Гегечкорийæн. Æккæлайы-фырт кадимæ сæххæст кодта уыцы хæс дæр. Мызурæй Алагирмæ фæндаг æрæхгæдта æмæ йыл Гегечкорийы революцион къорд йеддæмæ цæуын никæй бауагъта.

1920 азы Гуырдзыйы меньшевиктæ Хуссар Ирыстонæй цы адæмы ратардтой, уыдоны æфхæрдтой æмæ стыгътой Æлдахъты Алихан æмæ Хъæрджыны-фырты къордтæ. Нæ сын ныббарста Æккæлаты Дзикка. Райста лигъдæтты маст.

Урсгвардионтæ, бынæттон знæгтæ Дзиккамæ кæд лæгæй-лæгмæ нæ уæндыдысты, уæддæр бирæ хæттыты хъавыдысты йæ амарынмæ. Сæ фыдвæнд не 'фтыд сæ къухы. Сæ маст-иу райстой æндæр хуызы: цалдæр хатты йын йæ райгуырæн хæдзар æд ис, æд бон быдзарæй сфæлдæхтой.

«Æз мæхи исбоныл никуы мæт кодтон. Бæх, æхсаргард æмæ дамбаца – мæ мулк. Фæлæ мын мæ документтæ, алыхуызон кады гæххæттытæ, æвдисæндартæ кæй басыгътой, уый мын тынг хъыг уыд», – фыста Дзикка.

Дзиккайы уыцы ныхæстыл дызæрдыг ничи кæны. Бандиттæй-иу цы хæцæнгæрзтæ æмæ цы мулк байста, уый-иу кæнæ революцийы къазнамæ, кæнæ, кæй уыдысты, уыдонæн ратта. Афтæ, Куырттаты комы æрцахста раздæры афицерты къорд, æдæппæт 35 адæймаджы. Уыдонимæ уыдысты булкъон Тугъаны-фырт, къниаз Астемыры-фырт. Булкъон Козайы-фыртмæ разынд тынг бирæ сыгъзæрин æхца. Æхца лæвæрд æрцыд къазнамæ.

1920 азы Æккæлайы-фырты снысан кодтой Алагиры районы милицæйы хицауæй. Фæлæ канд районы нæ тох кодта бандиттимæ. Йæ тохы быдыр уыд æнæхъæн Ирыстон, тынгдæр та йæ арф кæмттæ æмæ бæрзонд æфцгуытæ – знæгты æмбæхсæн ахстæттæ. Цыфæнды тæссаг уавæры, цыфæнды карз тохы дæр Æккæлаты Дзикка цæстыгагуыйау хъахъхъæдта ленинон партийы уæнджы ном æмæ кад. Знæгтæм – æгъатыр, æмбалыл – æнувыд, мæгуырæн бахъуыс кæнынмæ – цæттæ. Ахæмæй зыдтой Дзиккайы йе 'мбæлттæ. Æккæлайы-фырты хорз куыстæн стыр аргъ кодтой партион, советон оргæнтæ. Бирæ кады грамотæтæ æмæ йын зынаргъ лæвæрттæ саккаг кодтой.

Бирæ хорз фæндтæ уыд Дзиккамæ. Сæ сæххæст кæнын йæ къухы нæ бафтыд. 1937 азы йæ æрцахстой. Фæцард æрмæстдæр 55 азы. Уæлладжыры комы хистæрты зæрдыл лæууы, фæлæ йæ хъуамæ зоной ног, æрыгон фæлтæртæ дæр. Хъыгагæн, йæ ном æвæрд не 'рцыд иунæг уынг, иунæг скъола, ногдзауты иунæг къордыл дæр. Уыцы рæдыд сраст кæнын æмбæлы ныр, æцæгдзинад адæмæн дзурыны рæстæджы.

Стæй ма ноджыдæр иу хъуыддаг... Куырыхон адæймæгты нæмттæ цы уынгтæ æмæ скъолатæ хæссынц, уыдон фæлгонцмæ. Хъуамæ, бирæ куы нæ уа, уæддæр дыууæ-æртæ раны фыст уа, уынг кæнæ скъола кæй ном хæссы, уый тыххæй цыбырæй, чи уыд, цы саразта. Уыцы хæс хауы хъæутæ æмæ горæтты разамонджытæм... Нæ разагъды лæгтæн аргъ кæнын хъуамæ зонæм.



**ХЪАЙТТАТЫ Сергей**
**«Ирон хабæрттæ»**
**Дзæуджыхъæу 1998 аз**

Юбилей

# Кады аккаг

**80 азы сæххæст зынгæ ирон сылгоймаг-фыссæг, Хетæгкаты Къоста æмæ Джусойты Нафийы номыл литературон премиты лауреат ЧЕХОЙТЫ Оляйыл. Уый мыхуыры рауагъта æртындæс чиныджы. Поэт йæ уацмысты æппæтвæрсыгæй аргъ кæны цардæн. Йæ поэзи у хуымæтæг æмæ æнцонæмбарæн æвзагæй фыст.**

Оляйы гуырæнбон уæрæхæй сбæрæг кодтой Ирыстоны дыууæ хайы дæр. 10 мартъийы Хуссар Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон драмон театры уыд йæ юбилейон изæр. Æрбацыдысты йæм фысджытæ, лектортæ, журналисттæ, студенттæ, интеллигенцийы иннæ минæвæрттæ, уазджытæ Уæрæсейæ, делегаци Цæгат Ирыстонæй Парламенты Сæрдар Тускъаты Таймуразы разамындæй. Ам уыдысты республикæ Хуссар Ирыстоны Президент Гаглойты Алан, Парламенты Сæрдар Мæргъиты Алан, депутаттæ, хицауады уæнгтæ.

Адæм экранмæ бакастысты Чехойты Оляйы цардвæндаджы тыххæй документалон кинонывмæ.

Юбилейон мадзал амыдтой режиссер Дзуццаты Тамерлан æмæ актрисæ Саппиаты Зæлинæ.

Зынгæ сылгоймаг-фыссæджы цард æмæ сфæлдыстадон фæндаджы тыххæй афæлгæст саразта драматург, прозаик, Хуссар Ирыстоны сгуыхт журналист, журнал «Фидиуæг»-ы бæрнон нымæрдар Остъаты Алан.



Уый фæстæ Оляйæн бæрæгбоны арфæйы ныхæстæ загъта Президент Гаглойты Алан æмæ йæ схорзæхджын кодта Хæлардзинады орденæй.

Цæгат Ирыстоны Парламенты Сæрдар Тускъаты Таймураз арфæты фæстæ Парламенты Кады грамотæ ратта Чехойты Оляйæн. Ахæм хæрзиуæг ма райста Хуссар Ирыстоны Парламенты Сæрдар Мæргъиты Аланæй.

Дарддæр зынгæ поэтессæйæн арфæтæ ракодтой: Цæгат Ирыстоны аивадон журнал «Мах дуг»-ы сæйраг редактор Хетæгкаты Оксанæ, Хуссар Ирыстоны журнал «Фидиуæг»-ы сæйраг редактор Годжыцаты Нелли, Цæгат Ирыстоны Горæтгæрон районы Комгæроны Ныхасы сæрдар Болататы Тенгиз, зынгæ хъæбысæйхæцæг, Олимпиаг хъæзтыты чемпион Фадзайты Арсен, фыссæг Наниты Асиат, Хуссар Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон драмон театры аивадон разамонæг Джелыты Хъазыбег, поэт Зассеты Мераб, зынгæ зарæггæнæг Джиоты Вероникæ, журналист Джиоты Оксанæ, Оляйы фырт, зындгонд хъæбысæйхæцæг æмæ тренер Тедеты Дзамболат, мыггаджы номæй – Чехойты Алыксандр.

Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг æмæ Хицауады администрацийы разамонæг Гобеты Ибрагимы Арфæйы фыстæг Оляйæн ратта ацы администрацийы бæрнон кусæг Бигъуылаты Людмилæ.

Уый фæстæ юбилеймæ æрцæуæг æппæт адæмæн бузныг æмæ хорз фæндиæгтæ загъта Чехойты Оля.

Хуссар æмæ Цæгат Ирыстоны сфæлдыстадон, аивадон коллективтæ та сын сæ зæрдæтæ барухс кодтой зард æмæ кафтæй.

**ГАССИТЫ Моисей**

Цæстæнгас

# Къухты ист, хъæбыстæ æмæ нæ кувинæгтæ

**Æрæджы газет «Рæстдзинад»-ы №31 25 февралы мыхуыргонд уыдис Хуыгаты Сергейы уацхъуыд «Æмæ, дам, къухтæ истой». Стыр бузныг зæгъын Сергейæн. Æгайтма дæм ис ахæм хъару, зонд, бæрзонд ахуырад, дæ цæст дарыс, архайыс, ахуыр кæныс, цæмæй нæ фыдæлты кад, æгъдау, намыс, æвзаг ма фæцуда, ма фæмынæг уа, уыцы хорздзинад хæссыс æмæ йæ тауыс хуры тынтау нæ райсомы цард аразæг кæстæртæн.**

Нæ ныхас, не 'взаг, къухты ист æмæ хъæбыстæ ирон литературæ æмæ æвзаджы уыцы иу хъуыдыйады баст вæййы ныхасы мидисимæ, ома, ныхас цæй мидæг ис, цæуыл дзурæг у? Цы амоны? Æмæ цы у йæ хъуыды, йæ хуыз, йæ арæзт? Зæгъæм, «сæр – хæдзары сæр, хохы сæр, уæраджы сæр». Ам дзырд амоны цалдæр мидисы æмæ се сконд. Дыууæ æрдхорды цалдæр азы нæ федтой кæрæдзийы æмæ, куы фембæлдысты, уæд дзы вæййы къухты ист, хъæбыстæ. Дыккаг хуыз – рыст, низæй тыхст, бакастæй – æнкъард адæймаг. Уæд ын цæмæй фенцондæр уа, фæрухсдæр уа йæ зæрдæ, уый охыл ын фæлмæн хъæбыс кæныс узæгау, æмæ йын дæ хъæбысæй ныфс дæттыс, дæ ныхæстæй та – рухс, тых, йæ зын, йæ рыст фæрогдæр кæныны тыххæй. Сывæллон кæуы, цъæхахст кæны, кæуынæй йæхи мары, фæлæ йæм йæ мад куы бацæуы, йæ хъуыры бынмæ йæ куы сисы, уæд æй узы йæ хъæбысы, æмæ сывæллон æрсабыр вæййы, афынæй вæййы. Æцæгæлон æмæ æнæзонгæйæн нæ ахъæбыс кæндзынæ, стæй йын йæ къух дæр нæ райсдзынæ, стæй дæ зæрдæ дæр нæ бакомдзæн.

Æз зоны сывæллон нал дæн, схъомыл дæн Хъарман-Сындзыхъæуы. Кастæн, уыдтон сылгоймагæй-нæлгоймагæй цы хуызы, цы уавæры цыдысты зианы æгъдауы, нæлгоймæгтæ – æхгæд сæр, худимæ, æнгом дарæсы, æхгæд дысты. Сылгоймæгтæ – кæлмæрзæнты, даргъ æхгæд хъуыр къабаты. Æрбацæуæг адæм тæфæрфæс кодтой, къухтæ исын, хъæбыстæ кæнын не 'мбæлд. Уыдис худинаг, æгад, дзырддаг. Æмæ йæ ничи кодта æрцæуæг адæмæй. Кæд-иу уыцы æрцæуæг адæмæн исчи уыдис хион, къабаз, уæд-иу дыууæ-æртæ минуты фæстæдæр бацыд, бинонтæй чи лæууыд, уыдонмæ, æмæ-иу уым ахъæбыс кодта, кæмæн æмбæлд, уыдонæн, сæ рыст-иу гыццыл фенцондæр уа, зæгъгæ. Фæлæ мæнæ ныры дуджы къухтæ куыд исынц æмæ куыд хъæбыстæ кæнынц, афтæ никуы кодтой. Ничи цыд гом хъуырæй, фæлдæхт дысæй, спортивон дзаумæтты. Сæры зонд æмæ йæ цонджы хъаруйæ æмдых, иумæ куы нæ архайæм, уæд нæ ныхæстæ сты дзæгъæл хуымæтæг.

Афæстаг рæстæджы чъириты кой кæнæм. Уый, дам, гуырдзиаг ныхас у, æмæ, дам, мах гуырдзиæгтæ не стæм. Гуырдзымæ ис сæхи æгъдау, сæхи дин, сæхи æвзаг, сæхи бакуывд, сæхи фæлгонц. Мах та кувæм не Сфæлдисæг Иунæг Стыр Хуыцау æмæ Йе сконд зæдтæм, дауджытæм, табу сæхицæн. Ирыстон – се уазæг, сæ фæдзæхст, низæй, фыдбылызæй нæ куыд хизой, дуне куыд æрсабыр уа, æфсымæрдзинад куыд æрфидар уа Цæгатæй Хуссармæ, скæсæнæй ныгуылæнмæ, нæ кæстæртæ хæссты быдырæй сæрæгасæй, æнæнизæй, фидарæй сæ къонатыл куыд сæмбæлой æмæ сын куыд бакувæм не 'ртыгай чъиритæй, нæ кувинæгтæй Хуыцау æмæ Йе сконд зæдтæм, ахæм амонд уæд хорзæхтимæ. Мах гуырдзыйы æвзагмæ, гуырдзыйы æгъдаумæ, культурæмæ, аивадмæ, динмæ ницы бар дарæм. Нæ фыдæлтæй нын баззад нæхи æгъдау, уыдон дæр махмæ ницы бар дарынц, уæлдайдæр та – нæ кувинæгтæ æмæ не 'гъдæуттæм. Уый фæдыл уæм сидын, ирон адæм, мауал дзурут, гуырдзиаг ныхас у, зæгъгæ. Уый нæ кæрæдзийыл ардауынц.

Чъири кæрдзыны ном никуы хаста, кæрдзын кодтой кæрдзинаг нартхоры ссадæй, фыцгæ-тæвд донæй. Нартхоры ссад хуымæтæг æнæ тæвд донæй куы сызмæнтай, уæд кæрæдзиуыл нæ хæцы, кæны къуыбар. Фыцгæ донæй та кæны хыссæ тымбыл, гуымбылхуыз, кæрæдзиуыл хæстæй. Кодтой гуыдынтæ, æвæрдтой сæ тæвд сырхзынг саджил æртысгæныл арты цæхæры сæрмæ пецы хуылфы. Бабур-иу йæ иу фарс, фæбур – иннæ фарс, æмæ-иу, куы фæхъæбæр, уæд-иу æй пецы къулыл цæхæры фарсмæ сæвæрдтой. Йæ иу фарс-иу ын разылдтой иннæрдæм, пецы цæхæрæй гыццыл иуварсдæр, æмхуызон куыд фыхтаид, афтæ. Уымæ гæсгæ йæ ном у кæрдзын. Ацы ныхæстæ цæмæн фыссын? Чъири æмæ кæрдзын чи не 'ртасы, чи сæ нæ зоны, чи сæ иу кæны, хуызæй дæр, мидисæй дæр æмæ кондæй дæр, архайдæй дæр, уыдон куыд нал рæдийой æмæ æнæхъапп ныхæстæ ма кæной, ма фыссой, уый охыл.



Æз стыр ахуыргонд нæ дæн. Дæн кувæг Хуыцау æмæ Йе сконд зæдтæм, архайын кувæндæттæ банывыл кæныныл, сæ арæзтадыл, сæ сыгъдæг æмæ рæсугъддзинадыл мæ райгуырæн хъæуы. Кувæм æртæ чъирийæ: фыццаг – Не Скæнæг Стыр Иунæг Хуыцауы номæн, дыккаг – Фæндагсар Уасдырджийы номæн, æртыккаг – куывд кæй номыл вæййы, ома бæрæгбоны номæн, зæгъæм, Елиа – Уацилла, Реком, Фæлвæра, Фæрон, кæхцгæнæнты – ног гуырдæн... Хур, Зæхх, Дон та сты царды уидæгтæ, кæрæдзийыл фидар баст. Æнæ сæ иу дуне фесæфдзæн. Зæххы сой – дон, æрдзы дарæг, æнæ Хурæй Зæхх фестдзæн ихы цæнд, обау. Æнæ донæй, – рыг, дымгæ йæ ахæсдзæн, æнæ Зæххæй – æрдзы сæфт. Фæлæ сæм кувгæ нæ кæнæм. Хуыцауыл сæ фæдзæхсæм, нæ хур ныл куыд никуы баталынг уа, нæ Зæхх ныл куыд никуы сфæлдæха, фæлæ нын фидар бæркад куыд дæтта æмæ дзы куывдтæ куыд кæнæм, ахæм амонд нæ уæд. Донæфсисæй цардæфсис куыд уæм, ахæм амонд уæд.

Не 'гъдæуттæ цæмæн сты алыхуызон? Сергей, дæхæдæг æй куы зæгъыс, хæдзарæй-хæдзармæ дæр хицæн æгъдау ис. Мах Цæгат Ирыстоны цæрæм алы районты, алы хъæуты. Алы хъæуы дæр ис сæхи домæнтæ, сæхи 'гъдæуттæ, сæхи хистæртæ, æмæ уыдон фæлтæрæй-фæлтæрмæ цы 'гъдау сфидар кодтой, уый кæнынц. Дæхæдæг кæй æрхастай дæнцæгæн, Дыгургомы тæфæрфæсгæнæг, дам, фæзæгъы раздæр арфæгæнæгæй. Æмæ уыцы фæтк аивын мах бон нæ бауыдзæн. Цæуылнæ? Уымæн æмæ мах уым нæ цæрæм, мах уыдон фæдон не стæм. Дæ хæдзармæ уазæг куы бацæуа æмæ дын йæхи пълæнттæ дзурын, амонын куы байдайа, дæ къæлидор фæуæрæхдæр кæн, дæ цæлгæнæн айс, фехал æмæ дзы сараз бар, хæрæндон, бадæнтæ æмæ фæлладуадзæнтæ, зæгъгæ, уæд ын хъуамæ ды цы дзуапп раттай? Дæ уазæгæн, бæгуыдæр, зæгъдзынæ афтæ: «Ды мæм фæнд кæнынмæ æрбацыдтæ æви уазæгуаты?»

Къухтæ исын, хъæбыстæ кæнын не 'мбæлы зианы мидæг. Къухтæ исынц цины, куывды, бафидыды, ома минæвæрттæ æмæ æрбацæуæг уазæг æмæ уазджытæн, хъæбыстæн та сæ кой дæр никуы уыди. Адæм дæр æмæ нæ газеты фæрстæ дæр сфæлмæцыдысты нæ алыбоны ныхæстæ æмæ фыстытæй, домæнтæй. Иугай лæгтæй мах никæд ницы сараздзыстæм, Аланты Ныхас æмзондæй адæмимæ хъæуæй-хъæумæ дысфæлдæхтæй куы нæ бавнала комкоммæ, уæд. Уымæн та хъæуы сæрмагонд программæ æмæ ныхæстæй рахизын хъуыддагмæ.

О, Сергей, разы дæн демæ. Не 'гъдæуттæ фæйнæхуызон кæй сты иуæй-иу фæзилæнты, уый, мæнмæ гæсгæ, æвзæрдзинад нæу, уымæн æмæ, адæймаг куы ацæуы, фылдæр – цины хъуыддæгтæм, уæд дзы цыдæр æндæр хорздзинад фены, базоны, йæ зæрдæ ноджы фæрухсдæр вæййы, æмæ дзы скæны хатдзæг, хæрзиуæг, ома мах цины дæр сфидаудзæн, зæгъгæ. Уый ууыл дзурæг нæу, иухуызон скæнæм не 'гъдæуттæ, зæгъгæ. Æмæ сæ иухуызон кæнын дæр нæ хъæуы. Адæймаг адæмимæ баст у, æмæ, адæм куыд симынц, афтæ симын хъæуы уæнгрогæй.

**МÆРЗАТЫ Таймураз,**
**Беслæны кадджын гражданин, фæллойы ветеран,**
**Фыдыбæстæйы Стыр хæсты фæсчъылдымы архайæг**

## Спортивон фидиуæг



Хъæбысхæст

# Сбæрæг кодтой тыхджындæрты



**Дзæуджыхъæуы Хæххон-аграрон университеты спортивон комплексы 13-14 мартъийы уæгъдибар хъæбысхæстæй уыдысты РЦИ-Аланийы фыццаг бынат бацахсыныл ерыстæ студентты 'хсæн. Куыд хицæн богæлттæй, стæй командæтæй ædæппæтæй чемпионаты архайдтой нæ республикæйы уæлдæр ахуыргæнæндæттæ, колледжтæ æмæ техникумты 166 студенты.**

Чемпионаты архайæг богæлттæн сæ фылдæр уыдысты 20 азæй кæстæртæ, фæлæ се 'хсæн уыди, ныридæгæн æндæр ерысты бæрзонд бынæттæ чи бацахста, ахæм лæппутæ.

Алы уæзы дæр – цалдæргай хорз цæттæ богалы, æмæ сæ фембæлдтытæ рауадысты зæрдæмæдзæугæ. Ерыстæн сæ нысан уыди, апрелы Мæскуыйы цы студентты Æппæтуæрæсеон чемпионат уыдзæн, уырдæм балцæгтæ рамбулын. Уыцы чемпионаты та сбæрæг кæндзысты, фæззæджы Бразилийы цы Æппæтдунеон универсиадæ уыдзæн, уырдæм Уæрæсейы студентты командæйы уæнгтæ.

Æппæты фылдæр майдантæ рамбулын бантыст ЦИПУ-йы богæлттæн. Ерыстæ цы дæс уæзы уыдысты, уыдоны ацы университеты студенттæ рамбылдтой 11 хæрзиуæджы: 4 – сыгъзæрин, 3 – æвзист, 4 та – бронзæ майдантæ.

ЦИПУ-йæ дыууæ майданы къаддæр рамбылдтой Хæххон-металлургон институты (Технологон университет) студенттæ. Уыдон хорзæхджын систы 4 сыгъзæрин, 1 æвзист æмæ 4 бронзæ майдайæй. Сæ фæстæ 3-аг командон бынат бацахстой Хæххон-аграрон университеты богæлттæ – уыдонæн бынтыст 5 хæрзиуæджы рамбулын: 1 сыгъзæрин, 1 æвзист æмæ 3 бронзæ майданы.

Хицæн спортсменты 'хсæн 1-аг бынæттæ бацахстой: 57 кг – **Абайты Георги** (ВМТ), 61 кг – **Джангаты Эрик** (ЦК ХМИ), 65 кг – **Гуырцъыты Тимур** (ПХАЦ), 70 кг – **Мысостаты Сæрмæт** (ЦК ХМИ), 74 кг – **Кочысаты Дамир** (ЦК ХМИ), 79 кг – **Казмиты Зауыр** (ЦИПУ), 86 кг – **Мысыкаты Ибрагим** (ЦИПУ), 92 кг – **Хадаты Артур** (ЦКХМИ), 97 кг – **Мæрзойты Аскар** (ЦИПУ), 125 кг – **Таугазты Ирбег** (ЦИПУ).

Ерысты сæйраг тæрхонгæнæг, Уæрæсейы сгуыхт тренер, педагогон наукæты кандидат **Багаты Вячеслав** ерысты тыххæй загъта: «Уæрæсейы студентты спорты лигæйы разамонджытæ нæ уæлдæр ахуырдæтты ректортæм æрæрвыстой хуынды гæххæттытæ Уæрæсейы студентты чемпионаты архайынмæ. Уыцы ерыстæ уыдзысты 15-19 апрелы Мæскуыйы. Уырдæм ацæуынмæ хъæудзæн хорз цæттæ уæвын, æмæ уыцы хъуыддаджы абоны ерыстæ сты æххуыс. Кæд нæ ахуырдæттæм æхцайы фæрæзтæ разына, уæд, уыцы ерыстæм кæй арвитæм, ахæм богæлттæ нæм кæй ис, уый федтам ацы чемпионаты. Æз стыр бузныг зæгъын Хæххон-аграрон æмæ Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты разамонджытæн. Уыдоны фæрцы арæзт æрцыдысты абоны ерыстæ. Уым мах сбæрæг кæндзыстæм, Уæрæсейы студентты чемпионаты архайынмæ чи ацæудзæн, уыцы богæлтты. Нæ нысан уыдзæн Дунеон универсиадæмæ балцæгтæ рамбулын».

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Цардæй ист нывтæ



# Дæ капеччытæ райс...

Хъуыргъохъ Гетъойыфырты колхозы бирæ азты фæкуыста кассирæй æмæ йæ куыстмæ дæр, куыд не 'мбæлы, афтæ сдæсны ис.

Мæйæ-мæймæ-иу æхцаисæн боны Хъуыргъохъ кассæйы гыццыл рудзынгæй кусæджы размæ, йæ фæллойы мызд ын дæтгæйæ, дзырдта:

– Дæ къухфыст нывæр, мæнæ «галачкæ» кæм лæууы, уым, æмæ дæ капеччытæ райс. Капеччытæ (ома, лыстæг æхца) та мæм нæй, æмæ сæ иннæ мæйы райсдзынæ.

Афтæмæй иу мæй иннæйы ивгæйæ цыди, афæдз та – иннæ азы...

# Мæрдты, æвæццæгæн, нал хъæуы...

Зелимхан æмæ Сулейман колхозы агрономийы хайады сæргълæууыдысты. Зелимхан – сæйраг агроном, Сулейман та – йæ хæдивæг. Иу фæззыгон бон Зелимхан Сулейманмæ дзуры:

– Знон, Сулейман, уæллаг уæлмæрдты бакомкоммæ нын цы къабускайы зæхх ис, уымæ бирæ рæтты æркæстытæ кодтон, æмæ дзы цыма давд цæуы, афтæ мæм фæкасти. Ды та куыд зæгъыс?

Сулейман иу уысм ахъуыды кодта æмæ йын дзуапп ратта:

– Мæнмæ гæсгæ, Зелимхан, нæ къабуска мæрдты, æвæццæгæн, нал хъæуы. Æгæстæй та кæй хъæуы, уый йæ йæ хæдзармæ æнæ хæсгæ нæ уыдзæн.

# Куыд ничи мæ фена, афтæмæй

Иу фæззыгон бон сыхы лæгтæ Абысалты размæ дынджыр уæрæх сусхъæд бæласы бын бандоныл бадтысты æмæ ныхæстæ кодтой.

Фондзаздзыд Геуæрги хæдзарæй рацыди æмæ йæ фыд Абисалмæ дзуры:

– Папæ, мидæгæй спичкæтæ фæагуырдтон æмæ не ссардтон, æмæ ма мæм дæ зæжигалкæ ратт, ныртæккæ дын æй фæстæмæ æрбахæсдзынæн.

– Цы дзы кæныс спичкæтæ æмæ зæжигалкæйæ? – бадис кодта лæппуйы фыд.

– Куыд ничи мæ фена, афтæмæй, сусæгæй цæхæрадоны нæ хосы мæкъуылыл бандзарон, – йæ мидбылты бахудт Геуæрги.

# Æртхъирæны мæй

Æртхъирæны мæйы Сергей, горæты иу хæрæндоны сихор кæнгæйæ, ног тынд пъамидортæ æмæ джитърітæм бахæлæг кодта. Кæд зынаргъ уыдысты, уæддæр дзы фондз туманы аргъ балхæдта.

– Сывæллæттæ сыл бацин кæндзысты, стæй дзы мæ алцæуыл дисгæнаг æрдхорд Къалайы дæр фæхынцдзынæн.

Дыккаг бон фæскуыст Къалайы сæхимæ æрбахуыдта. Хæдзары æфсин сын фынг арæвдз кодта – карчы дзидза, чъиритæ, цайданы хъарм арахъхъ. Иу фæйнæ куы аныхтой, уæд Сергей йæ бинойнагмæ дзуры:

– Хорз фынг ис, фæлæ ма нын цæхæрадонæй, дæ хъармуаты (теплица) хуымтæй халсартæ куы 'рбадавис.

Иу уысмы фæстæ сын сылгоймаг сæ цуры тæбæгъы дзаг пъамидортæ 'мæ джитърітæ æрæвæрдта.

Мæнæ диссаг, – йæ цæстытыл ныххæцыди Къала, – мит – фадхъулмæ, сымахмæ та пъамидортæ 'мæ джитърітæ рæзы. Тынг амондджын разындтæ, Сергей, ахæм æфсин кæмæ 'рхауди. Мах хæдзаргæсы хуымты та сæрды дæр цъæх хъæдындз æмæ хъамылæй уæлдай ницы рæзы.

Сергей мидбылхудгæ йæ цардæмбалмæ йæ цæст фæныкъуылдта. Къала цæмæй зыдта, лæг æмæ ус ныхасгонд уыдысты, уый.

**ХОХОЙТЫ Федар,**
**Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг**

## Æрæфы районæй

# Дегъуатæ – Æппæтуæрæсеон конкурсы уæлахиздзаутæ

**Æхсызгон хабар сыхъуыст Æрæфы районæй – ДЕГЪУАТЫ Рустам æмæ Маринæ систы Æппæтуæрæсеон конкурс «Бинонтæ-2025»-ы уæлахиздзаутæ. Уый фæдыл сын зæрдиаг арфæ ракодтой се 'мкусджытæ – районы Культурæйы галуаны коллектив.**




Рустам æмæ Маринæйы царды аивад ахсы стыр бынат, бирæ азты дæргъы стыр æвæрæн хæссынц культурæмæ. Сæ къухы бафтыд æнгом бинонтæ саразын дæр – хъомыл кæнынц фондз сывæллоны, фæхайджын сæ кодтой хуыздæр миниуджытæй. Дегъуаты кæстæртæ сæ ныййарджытау уарзынц аивад, сæ гыццылæй фæстæмæ ахуыр кæнынц алы музыкалон инструменттыл цæгъдын, дæсны сты зарын æмæ кафынмæ, архайынц æхсæнадон царды дæр. Хæдзары сæ мад æмæ фыдæн алы хъуыддаджы дæр сты æххуысгæнджытæ.

Рустам æмæ Маринæ куыд зæгъынц, афтæмæй сæ царды сæйраг хæзна сты сæ бинонтæ, уый у се стырдæр курдиат.

Æвæццæгæн, рæдыд нæ уыдзæн, Дегъуаты Рустам æмæ Маринæйæн Æрæфы районы культурæ æрмæст сæ куысты бынат нæ, фæлæ сæ цардыуаг у, куы зæгъæм, уæд, æмæ ууыл цалх кæнынц сæ кæстæрты дæр.

Национ проект «Бинонтæ»-йы Æрæфы районы Культурæйы галуаны коллектив сæрæнæй архайы, йæ размæ цы нысантæ æвæры, уыдон Æппæтуæрæсеон конкурс «Бинонтæ-2025»-ы нысантимæ æмхуызон сты, æмæ уæлдай æхсызгондæр у, Дегъуатæ йæ уæлахиздзаутæ кæй систы, уый.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

## Не 'мбæстæгтæ

# Мадæлон æвзаг парахат кæны

**Æртын азæй фылдæр ЦАКЪОТЫ Иринæ цæры Турчы, бæлвырддæр зæгъгæйæ та – Стамбулы. Ирон æвзаг нæ рох кæны, мадæлон æвзаг хорз зоны йæ чызг Дианæ дæр, кæд хæрз чысылæй афтыд æцæгæлон бæстæмæ, уæддæр. Иттæг хорз арæхсы уырыссагау дзурынмæ æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, туркаг æвзаг дæр хорз зоны.**

Ирыстонæй, стæй æгас Уæрæсейæ дæр арæх суазæг кæны хиуæтты, раздæры 'мкусджыты Иринæ. Дзæуджыхъæуы цæргæйæ, дзæвгар рæстæг бакуыста Радио æмæ телеуынынады комитеты звукорежиссерæй Хетæгкаты Къостайы номыл университеты филологон факультеты рауагъдон. Æмæ, кæд рæстæг рацыд, уæддæр йæ бастдзинад нæ сафы йе 'мбæстæгтимæ. Уыдон та чысыл не сты. Йæ цæст дары Ирыстоны, йæ алфамбылай цы цаутæ цæуы, уыдонмæ. Нæ цинæл цин кæны, нæ рыстыл риссы йæ зæрдæ.



Иу хъуыддаг – дардæй фыдæлты зæхмæ цæст дарын, иннæ та – ирон æвзаг, нæ культурæ æндæр адæмты 'хсæн æцæгæлон бæстæйы парахат кæнын. Стамбулы ирæттæй бирæ цæры. «Кæй уæрдоны бадай, уый зарæг кæн» хуымæтæджы нæ фæзæгъынц. Мадæлон æвзаг бахъахъхъæныныл æнусты дæргъы архайынц, йæ рæстæджы фыдæлты зæххæй чи фæцух, уыдоны фæдонтæ. Фарстайыл кусынц, сарæзтой ирон клуб. Уый фадат дæтты ирон æвзаг ахуыр кæнынæн, курс ахæссы æртæ азы. Ног фæлтæрæй, хъыгагæн, сæ мадæлон æвзаг стæмтæ зонынц.

– Бирæ уыдысты бæрцæй, се 'ппæты хъуыды дæр нал кæнын. Туркагау дзурын, Дианæ скъоламæ куы бацыд, уæд уыимæ райдыдтон ахуыр кæнын. Куы фæцалх дæн, уæд мæм ирæтты æхсæнадæй бахатыдысты, цæмæй, кæй фæнды, уыдонæн мадæлон æвзаг ахуыр кæнын амонон. «Нæ» нал загътон, уымæн æмæ уыдтон сæ тырнындзинад сæ фыдæлтæм хæстæгдæр уæвынмæ. **Мутлу Ханим** Турчы райгуырд, зæрдæйæ риссы ирондзинадыл, æмæ дыууæйæ бавнæлдтам Стамбулы цæрæг ирæттæн æвзаг амонынмæ.

Туркаг сылгоймæгтæ уарзынц уырыссаг æвзаг дæр æмæ, цы къорд скодтой, уым сын æй амонын. Нырма уал иу хатт фембæлдыстæм, бæрæгбоны фæстæ нæ ахуыртæ дарддæр ахæццæ кæндзыстæм. Канд æвзаг зонынмæ нæ тырнынц, курсытæм чи цыд, уыдон. Раздæр дæр æмæ ныр дæр йæ архайджытæ ахуырты рæстæг цы фæрстытæ фæдæттынц, уымæй архайынц ирон æгъдæуттæ æмæ цардыуаджы тыххæй фылдæр базоныныл. Туркæгты цардимæ бæстондæр базонгæ уæвынмæ тырнынц, ардæм мæм цы уазджытæ æрбацæуы Ирыстон æмæ Дагестанæй, Молдовæйæ, Уæрæсейы æндæр рæттæй, уыдон. Афтæмæй та адæмты 'хсæн хæлар ахастдзинæдтæ фидардæр кæнынц,– зæгъы Иринæ.

Арæх æрымысы, Дзæуджыхъæуы цæргæйæ, цæхх-кæрдзын кæимæ хордта, кусгæ кæимæ кодта, уыдоны. Йæ фæллойадон фæндаг та райдыдта республикон радиойы.

– Радиомæ бацыдтæн, мæ зонгæ дзы куыста машбюройы. Университеты цавæрдæр курсытæм цыд, æмæ мæ йæ бынатмæ Æгъуызарты Æхсарбегмæ рæстæгмæ райстой кусынмæ. Радиойы дæсны звукорежиссер **Газайты Зойæмæ**-иу арæх æрхызтæн, фонограммæтæ æмæ-иу оркестр лентыл куы фыста, уæд. Бадтæн йæ фарсмæ æмæ, куыд кусы, уымæ кастæн. Бауарзтон ацы куыст, тынг фæцыд мæ зæрдæмæ, фæцалх ыл дæн. Уыйадыл мæ телеуынынады звукоцехмæ раивтой, ахуыртæм мæ арвыстой Мæскуымæ. Останкинойы каст фæдæн дæсныйад уæлдæргæнæн курсытæ, фæстæдæр мын раттой звукорежиссеры уæлдæр категори. Цас хорз адæмтимæ дзы базонгæ дæн! Стамбулы мæ дæсныйадæй нал бакуыстон, уый хыгъд бынæттон цæрджыты ахуыр кæнын ирон æмæ уырыссаг æвзæгтæ зоныныл. Æртæ азмæ дзæбæх райдайынц дзурын, – йæ царды хабæрттимæ нæ базонгæ кодта Цакъойон.

Ирыстоны цалдæр азы нал уыд æмæ йæ тынг мысы. Гæнæн ын куы фæуа, уæд та бабæрæг кæндзæн, бирæ кæй уарзы, уыцы Райгуырæн зæхх.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ**


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ



Рауагъдад «Полиграфсервис»-ы коллектив хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæны хиуæттæ æмæ хæстæджытæн,

**ЦОРÆТЫ**
**Утанбеджы фырт Эдуард**

цæрынхъуагæй кæй амард, уый фæдыл.




**Цыппæрæм хатт мыхуыры рацыд Цгъойты Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ». Адæм та йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Балхæнæн æй ис Мыхуыры хæдзары дыккæгæм уæладзыджы, йæ аргъ – 500 сомы. Бадзурæн ис Тая Доронинамæ ахæм телефонтæй: 8-928-483-46-51; 25-92-72.**

Газет «Рæстдзинад»-ы коллектив хъыгзæрдæйæ тæфæрфæс кæны хиуæттæ æмæ хæстæджытæн,

**ЦОРÆТЫ**
**Утанбеджы фырт Эдуард**

цæрынхъуагæй кæй амард, уый фæдыл.



Номыры радхæссæг редактор — **Хуыбиаты Ларисæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн – **Гуыцмæзты Зæринæ;**
2-аг фарсæн – **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Рубайты Нелли.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ**
3-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ;**
4-æм фарсæн — **Рæмонты Алинæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацитæ комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, “Рæстдзинад”-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй “Рæстдзинад”-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад “Ирыстон-полиграфсервис”-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2787. Заказ № 263. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**